



Pou Piblikasyon Imedya: 13/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO LWA K AP PÈMÈT JÈN KI GEN 16 AK 17 AN YO POU YO ANREJISTRE POU FÈ DONASYON ÒGAN, JE AK TISI YO AN VIGÈ

Lwa an Vigè nan New York Apati Demen Pandan Jounen Nasyonal Donatè Ògan lan

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lejislasyon k ap otorize jèn ki gen 16 ak 17 an yo pou enskri nan Rejis Donasyon Lavi Eta New York la (New York State Donate Life Registry) ap an vigè apati demen, k ap konyenside ak Jounen Nasyonal Donatè Ògan lan. Nouvo lejislasyon an pèmèt popilasyon sa a enskri nan Rejis la an menm tan lè yo premye aplike pou lisans yo, pèmi aprantisaj yo oswa kat idantite ki pa pou kondwi yo, sa k ap potansyèlman ogmante anpil milye enskripsyon nan New York.

“Nouvo lwa sa a se yon efò ekilibre pou ede nan efò administrasyon sa a ap fè yo pou agrandi rejis donatè eta a epi ede plis Nouyòkè resevwa kado lavi a”, **Gouvènè Cuomo te di.** “Avèk aksyon sa a, n ap fè yon lòt pa annavan anvè objektif pou vin gen yon vil New York ki pi solid epi ki pi an sante pou tout moun.”

An [Out](#), Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon pou otorize jèn ki gen 16 ak 17 an yo pou anrejistre konsantman yo pou yo fè donasyon, k ap ouvri Rejis donatè ògan lan bay yon nouvo popilasyon ki pral ogmante to enskripsyon Rejis yo. Nouvo lwa sa a gen ladan mezi sekirite apwopriye ki pèmèt paran yo oswa titèl legal yo anile desizyon sa si minè a mouri anvan l gen 18 an.

[Rejis Donasyon Lavi Eta New York la \(New York State Donate Life Registry\)](#) se yon sistèm konfidansyèl, enfòmatisè ki anrejistre konsantman yon endividi pou fè donasyon ògan li aprè l mouri. Daprè lalwa Eta a, yo ka aksede Rejis la sèlman pou detèmine estati yon donasyon yon endividi aprè l mouri epi sèlman yon òganizasyon akizisyon ògan gouvènman federal la apwouve oswa yon bank je ak tisi ki gen lisans. Enskripsyon pou vin yon donatè ògan lan pap afekte swen medikal ak/oswa aranjman antèman yon moun, epi li pap koute fanmi moun k ap fè don an anyen.

Komisè Sante Eta New York la, Doktè Howard A. Zucker, te di, “Meyè kado yon Nouyòkè ka bay se kado lavi. Gouvènè Cuomo te mete agrandisman rejis Donasyon

Lavi a yon priyorite epi l ap rann li pi fasil pase jamè pou enskri kòm yon donatè. Lwa sa a pral fè trajedi vin tounen yon nouvèl espwa pou moun ki bezwen donasyon yo epi mwen ankouraje tout Nouyòkè pou yo pran aksyon, epi al anrejistre jodi a.”

Komisè Egzekitif Adjwen Depatman Veyikil-a-Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) a, Terri Egan, te di, “DMV a konplètman akeyi efò Gouvènè Cuomo ap fè pou agrandi aksè a Rejis Donasyon Lavi Eta New York la. Lè yon moun vin yon donatè ògan se vrèman yon kado ki pap janm fini, epi nouvo lwa sa a gen gran potansyèl pou chanje anpil lavi pou pi gran byen. DMV a, nan biwo nou an ak atravè sitwèb nou an, fyè pou nou fè pati efò enpòtan enkwayab sa a.”

Senatè Kemp Hannon te di, “Li vrèman enpòtan pou ogmante kantite donatè ògan ki anrejistre yo. Mwen aplodi Gouvènè a paske l siyen lejislasyon enpòtan sa a pou vin tounen lwa epi asire Nouyòkè ki gen 16 ak 17 an yo kapab pran pa ewoyik sa a pou yo vin donatè ògan. Avèk tout moun sa ki nan bezwen kado ki ka sove lavi sa a, mete nouvo lwa sa a an aplikasyon jwe yon wòl enpòtan nan agrandisman Rejis Donasyon Lavi Eta New York la.”

Asistan Pòtpawòl Asanble a Felix W. Ortiz, te di, “Yo estime gen 600 Nouyòkè ki mouri chak jou pandan y ap tann yon transplantasyon ògan. Nouvo lwa sa a dwe lakoz plis aplikan pran tan yo pou yo konsidere opòtinite pou yo sove yon vi atravè donasyon ògan. Pandan gen 10,000 Nouyòkè k ap tann transplantasyon, Eta a dwe fè tout sa yo kapab pou ogmante kantite ki donatè enskri yo. Enskripsyon nan Rejis la ta dwe amelyore epi yo pral ka sove plis lavi.”

An 2012, DMV ak Depatman Sante Eta a te kreye yon nouvo mwayen pou enskri nan Rejis Donasyon lavi Eta New York la sou entènèt atravè [MyDMV](#). Pandan enskripsyon sou entènèt la, yo te egzije pou donatè k ap aplike yo founi enfòmasyon debaz yo jwenn sou lisans yo oswa kat idantite ki pa pou kondwi yo ki gen ladan, dat nesans, kod postal, ak kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal yo. Pwosedi ak kontwòl entegre nan pwosesis sa a asire otantisite, entegrite, sekirite ak konfidansyalite. Pou vin yon donatè anrejistre nan Eta New York la, aplikan yo ka anrejistre pandan y ap [aplike](#) pou yon lisans oswa yon kat idantite ki pa pou kondwi, oswa lè yo ap [renouvle](#) lisans yo lè yo tcheke bwat donatè ki sou chak fomilè sa yo.

Anplis de sa a, ou ka anrejistre atravè sitwèb Depatman Sante Eta New York la, <http://www.health.ny.gov/donatelife> oswa sou [fòmilè anrejistremant votè](#) ou a.

Depatman Sante a ap travay pou modènize Rejis la, k ap pèmèt pou yon eksperyans enskripsyon san pwoblèm sou entènèt ki konekte ak rezo sosyal yo, k ap atire plis moun potansyèl k ap anrejistre epi k ap pèmèt moun k ap anrejistre yo envite zanmi yo ak fanmi yo pou enskri tou. Eta a pral devwale tou yon nouvo kanpay piblisite ki konsepsyon pou fè plis sansibilizasyon pou bezwen donasyon epi souliye disponiblite pou yon bann varyete opòtinite anrejistremant yo.

Pou plis enfòmasyon sou Rejis la, [klike isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418